

## Ki sa yon Mamogram ye?

Yon mamogram se yon radyografi tete ou. Mamografi se pibon zouti jodi a pou fè tès deteksyon pou nou jwenn kansè nan tete byen bonè, lè chans pou w siviv la pi wo. Li ka jwenn kansè nan tete lè li piti anpil, menm twò piti ke ou pa kapab santi li. Li kapab detekte kalsifikasyon osi byen ke chanjman anòmal sou po an. Mamografi fè yon bon travay pou jwenn kansè nan tete pou pifò fanm. Sepandan, li pi egzakt lè yo itilize li avèk yon lòt tès depistaj ki rele egzamen tete nan klinik.

## Gwosè Apwoksimatif Kansè Mamografi Dekouvri

### Li Konpare anpil fwa ak Pyès Monnen ki itilize nan Etazini


Yon ti boul gwosè -mwayèn yo te jwenn pa mamogram yo fè chak ane lè yo te konpare imaj ki pase yo.



yon ti boul gwosè -mwayèn yo te jwenn nan premye mamogram.



yon ti boul gwosè-mwayèn yo te jwenn pa aksidan.



## Kesyon ak Repons sou Mamografi

### Èske mamogram fè mal?

Pou jwenn yon bon imaj, teknisyen an bezwen plati tete a. Ou kapab santi kèk presyon, men li sèlman dire kèk segond. Li pa ta dwe fè mal. Fè teknisyen an konnen si ou santi nenpòt ki doulè.

### Èske radyasyon an danjere?

Yon fanm ekspoze a yon ti kantite radyasyon pandan yon mamogram. Pandan ke li ekspoze a radyasyon an ka ogmante risk pou kansè nan tete avek letan, ogmantasyon sa a nan risk pou kansè piti anpil. Etid yo fè montre ke benefis ki genyen nan mamografi pi enpòtan pase risk yo.

### Kouman mwen ka jwenn yon mamogram?

Rele doktè w pou yon rekòmandasyon.

### E si mwen pa kapab peye pou yon mamogram?

Prèske tout plan asirans, ki gen ladan Medicare, kouvri depans pou mamogram. Sepandan, si w pa kapab peye pou youn oswa ou pa gen asirans, rele liy asistans swen tete nan nimewo 1-877 GO Komen (1-877-465-6636) gratis oswa opsyon pou pri ki ba nan zòn kote w ap viv.

### Mesaj konsyantizasyon pèsònèl sou kansè tete

- Pale ak fanmi w pou w ka aprann istwa sante nan fanmi an
- Pale ak doktè w sou risk pèsònèl ou pou w gen kansè nan tete
- Mande doktè w ki tès deteksyon ki bon pou ou si w anba yon pi gwo risk
- Fè yon mamogram chak ane kòmanse nan laj 40 an si w nan risk mwayèn
- Fè yon egzamen nan klinik pou tete omwen chak 3 zan kòmanse nan laj 20 an, ak chak ane kòmanse nan laj 40 an
- Pran yon randevou pou w pa bliye tès depistaj ou a nan sit entènèt komen.org/reminder
- Konnen kijan tete w toujou ye nòmalman gade yo epi santi yo. Rapòte nenpòt chanjman bay doktè w
- Fè chwa kalite vi ki ka diminye risk pou w trape kansè nan tete

**Nimewo telefon nan se 1-877 GO Komen (1-877-465-6636) sit entènèt la se [www.komen.org](http://www.komen.org)**